

# Pèmi pou Resous Natirèl

Yon Gid pou Fè Pèmi Anviwònmanal  
Divizyon Pwoteksyon Anviwònmanal Konte Orange



## Dok Bato

(Chapit 15, Atik IX)

Si w abite nan Konte Orange ki pa enkòpore, Oakland, Ocoee oubyen Windermere, pou konstriksyon tout nouvo dòk yo fòk ou jwenn yon pèmi nan men (EPD) ak yon pèmi konstriksyon nan men swa Divizyon Sekirite Bilding Konte Orange la oubyen depatman bilding minisipalite sa yo. Divizyon Bilding Konte Orange la ap aksepte plan ki te apwouve pa EPD yo sèlman. Fre yo pou Divizyon Bilding lan baze sou spesifikasyon estrikti yo. Pou enfòmasyon sou fre sa yo, rele **407-836-5550**.

Reparasyon, adisyon, oswa lòt modifikasyon dòk, ki genyen ladan l adisyon yon dòk k ap flote oubyen platform pou yatch, jeneralman mande yon pèmi tou. Pou detèmine si reparasyon oubyen modifikasyon yo bezwen otorizasyon, kontakte EPD.

## Restorasyon Rivaj Lak

(Chapit 15, Atik VII)

Rivaj ki gen vejetasyon natirèl oswa ki restore yo pwoteje kalite dlo a, yo anpeche ewozyon, yo founi abita pou pwason ak bèt, epi yo bay yon bèl kote pou moun rilaks epi pran plezi.

Andedan Konte Orange, pwopriyete bò rivaj lak yo gen dwa a yon koridò ki gen aksè san vejetasyon de 20% oubyen 30 pye rivaj lineyè total, sa ki pi plis la, san pèmi. Si w vle retire vejetasyon nuizans andeyò koridò aksè a oubyen andedan yon marekaj kole ak rivaj la, yon Pèmi Pwoteksyon Rivaj Lak (Lakeshore Protection Permit) (LSP) obligatwa. Pèmi sila a pral pèmèt ou retire vejetasyon nuizans ak ekzotik; sepandan, replante espès natif benefisyè yo obligatwa pou atenn 80% kouvèti vejetasyon akwatik natif. Pèmi LSP a pral pèmèt ou kenbe rivaj la ak kèlkeswa marekaj ki kole ak li san nuizans ak vejetasyon ekzotik depi w kenbe 80% kouvèti sifas pou plant natif yo. Note ke moun pa gen dwa retire sèten pyebwa ak plant ki an danje nan rivaj la. Jeneralman, dòk bato yo dwe plase nan koridò aksè a. Yon koridò aksè pa pèmèt andedan okèn marekaj ki kole ak rivaj.

## Modifikasyon Rivaj/Fouye & Plen (SADF)

(Chapit 15, Atik VI)\*

Estrikti ki estabilize rivaj la, tankou dig lanmè vètikal ak rip rap, mande yon Pèmi a Modifikasyon Rivaj/Fouye ak Plen (Shoreline Alteration/Dredge and Fill) (SADF). Metòd non-vètikal yo, pa egzanp itilizasyon rip rap konbine ansanm ak plant akwatik natif, prefere pase dig lanmè vètikal paske yo gen pi piti enpak anviwònmanal. Si yon nouvo dig lanmè vètikal pwopoze bò rivaj la kote pasèl ki kole ak li pa gen youn, demandè a dwe demontre ke yon dig lanmè se sèl metòd pou estabilize rivaj la. Enstalasyon rip rap ak plant akwatik natif obligatwa devan tout dig lanmè kit li tounèf, li se youn ki repare. Si w vle repare oubyen ranplase yon dig lanmè ki egziste deja, jeneralman yon pèmi obligatwa. Yon Pèmi SADF obligatwa pou retire labou ak kèlkeswa lòt kalite fouye nan fon lak, kanal, ak tout lòt tip plan dlo yo tou.

## Ranp Bato

(Chapit 15, Atik XV)\*

Ranp bato yo genyen yon kritè pou konsepsyon ki trè espesifik depandan sou gwosè a, kote a, ak ki moun ki pral itilize enstalasyon ranp bato a. Pa egzanp, akòz pi wo kantite itilizatè antisipe ak potansyèl pi gwo enpak sou plan dlo a, yon ranp piblik oubyen komèsyal sibi plis kritè pase yon ranp prive.

## Marekaj ak Dlo Sifas yo

(Chapit 15, Atik X)

Pasèl ki genyen marekaj ak/oswa dlo sifas (e.g., lak, letan, rivyè, ti rivyè) tipikman oblije genyen yon Detèminasyon Marekaj (Wetland Determination) (WD) anvan devlopman. Demandè a oblije fè yon pwofesyonèl anviwònmanal siyale marekaj yo ak dlo sifas yo pou detèmine limit li yo. Pèsonèl EPD yo pral vizite sit la pou verifye si marekaj la te siyale byen. Yon fwa fwontyè yo fikse, yon apantay liy marekaj obligatwa. Yon WD valab pandan senk lane. Si aktivite ki pwopoze a gen enpak sou marekaj yo, dlo sifas yo oubyen tanpon teren obligatwa yo, yon Pèmi Enpak sou Resous Natirèl (Natural Resource Impact Permit) (NRIP) obligatwa. Diminisyon kapab obligatwa pou balanse enpak yo atravè aksyon tankou prezèvasyon sou plas, amelyorasyon marekaj ki rete yo, oubyen akizisyon kredi diminisyon andeyò plas la, elatriye.

## Ranfòsman

EPD responsab pou ranfòsman tout kòd Konte yo ki refere nan gid sa a. Pèsonèl EPD yo travay an kolaborasyon avèk pwopriyete yo pou mete pwopriyete yo an konfòmite, epi souvan yo reyisi nan rezoud ka san ranfòsman fòmèl. Sepandan, si nou pa kapab mete pwopriyete a an konfòmite, yo kapab pòte ka a nan Majistra Spesyal Konte Orange la. Pou yon lis konplè de kòd Konte Orange yo, tanpri ale sou [www.municode.com](http://www.municode.com).



\*Aplikasyon pou ni pèmi SADF la ni Ranp Bato a tipikman oblije jwenn apwobasyon Komite Komisyonè Konte a nan yon odyans piblik. Akòz kantite tan ki bezwen pou revize, pwograme yon odyans piblik, ak voye avi, jeneralman pèmi sa yo pran plis tan pou yo bay.

Ou ka petèt bezwen pèmi nan men Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal Florid la (Florida Department of Environmental Protection) (FDEP), Komisyon Konsèvasyon Pwason ak Bèt Florid la (Florida Fish and Wildlife Conservation Commission) (FWC), oubyen Distri Jesyon Dlo aplikab la anvan w kòmanse ap travay sou pwòje w la.

### Enfòmasyon Kontak:

Biwo Distri Santral Depatman  
Pwoteksyon Anviwònmanal Florida  
407-897-4100

Distri Jesyon Dlo  
Rivyè St. Johns  
407-659-4800

Distri Jesyon Dlo  
Sid Florid  
407-858-6100

Oficina del Distrito Regional Biwo Distri  
Rejyonal Nòdès Komisyon Konsèvasyon  
Pwason ak Bèt Florida  
352-732-1225